

“BILL OF RIGHTS” YON REGA NAN LISTWA

Nan ete 1787, delege ki nan 13 koloni yo te rankontre ansanm nan vil Philadelphie e te ekri yon dokiman remakab pou - moun gouvènè tèt yo pou kont yo se te: Konstitisyon Peyi Etazini. Premye kopi-a te gen yon sistèm de chèk ak balans ki te gen ladan, yon branch Egzekitiv ki fò anpil, yon branch represantan legislatif, e yon branch jistis federal.

Konstitisyon an te vrèman yon bagay remakab, men li te gen kèk ti fay ladan. Premyèman, li pat gen ladan yon deklarasyon egzakt – ou bill – pou dwa chak grenn moun an patikilye.

Li te sèlman pale de kisa ke gouvènman ta ka fè, men li pat di ki sa de gouvènman pat gen dwa fè. Dezyèmman, li pat aplikab pou tout moun. “Konsantman moun kap gouvènè-yo” ta vle di pwopriyete moun blan sèlman.

Absans yon “BILL OF RIGHTS” (dwa pou moun) te vin tounen yon obstak pou tout eta-yo te ratifye Konstitisyon-an. Li ta pran 4 lòt ane de anpil diskisyon avan ke pwoblèm nouvo fòm gouvènman ta rezoud. Moun ki kwè nan sistèm gouvènman federal yo pat dakò pou fè rantrè yon Bill of Rights sou pretèks ke li pat nesèsè. Moun ki te kont sistèm gouvènman Federal, e ki te pè yon gouvènman santral, refize sipote Konstitisyon an san li pat gen yon “Bill of Rights”.

A la fen, santiman popilè-a vin deside.

DWA INDIVIDYIEL SE PI ANSYEN E PI TRADISYONEL VALE NAN AMERIKA

Fèk jwen libète anba gouvènman kraze zo Anglè, pèp ameriken te bezwen bon garanti ke nouvo gouvènman pat tap pase anba pye nouvo libète ke yo te fèk genyen an pou di sa yo vle, pou relijyon, pou la prè, ni sou dwa yo pou libere sou tout arestasyon san manda. Konsa, moun ki te ekri konstitisyon yo te pote tout atansyon yo sou Thomas Jefferson ki te pale konsa: “Yon Bill of Rights” se sa ke tout moun ta dwe genyen pou konbat ak chak gouvènman ki sou la tèt, an jeneral ou an patikilye, e pa sèlman sa gouvènman ta dwe refize osinon bay dènnye mo yo sou li.

Bill of Rights Ameriken an, ki te inspire pa Thomas Jefferson e ekri pa James Madison, te adopte, e nan lane 1791, premye 10 kòmandman Konstitisyon an te vin sèl lwa sou tèt Amerika.

GOUVENAM LIMITE

Se move eksperians ke premye Ameriken yo te fè sou tan la koloni an ki fè yo pat ka kwè nan pouvwa gouvènman. Anpil moun ki etidye listwa rete kwè ke pi gwo evènman ki te fè change konsepsyon sa-a te : “the Stamp Act” ke

- Libète Relijyon- Dwa pou yon moun egzèsè pwòp relijyon li, osinon pa pratike relijyon ditou, san ke gouvènman pa anpeche ni enflyanse pèsonn. (wè ACLU Briefing paper #3)
- Dwa Prive – Dwa ke yon moun genyen ki fè ke gouvènman pa ka mele nan bagay prive osinon pèsonèl li, papye ak tout lòt bagay ke li posede.
- Due Process of Law – Dwa ki pèmèt ke gouvènman trete yon moun ak jistis chak fwa ke libète osinon pwopriete li an danje.

RANPA INPENETRAB POU LIBETE

Bill of Rights la etabli kèk prensip elve ki garanti dwa ki pi fondamantal yo nan yon sans jeneral. Men, depi nan kòmansman, gen kèk ka ki prezante ki leve kesyon difisil

Palman Anglè a te fè pase nan lane 1765. Yo te oblije moun peye taks sou tout papye legal ak biznis, tout jounal, liv ak tout papye ekri. Anplis de taks sa yo, pèp Ameriken an te rayi koze pou yon gouvènman lwen ap kòmande yo epi yo pat gen okenn mo pou di anyen. Pèp Ameriken te pi fache lè li wè yo ta fose-l aksepte nouvo lwa “Stamp Act:

Ame ak “writs of assistance”- (lòd ke tribinal bay sou papye pou fè si pou ki moun yon tèt ye)- ke paleman Anglè-a bay, inspektè leta Anglè rantrè lakay moun menm lè ke yo pa gen prèv ke moun nan viole lwa “Stamp Act” la, antrè pou fouye kay moun ak byen moun sou pretèks ke yap chache kontre bann. Kolonyalis yo te vin rayi wè kalite bagay sa ke Anglè yo tap fè yo te vin yon kòmansman pou mete ansanm pou goumen kont Anglè yo.

De eksperians sa yo te vin soti yon sèl fason pou pèp Ameriken te konprann pouvwa ak libète kou yon lènmi natirèl pou yo. Moun sa yo ki te kreye nasyon an an te kwè ke pi gwo travay ke yo ta gen pou fè se kenbe pouvwa gouvènman ak pwoteje libète, epi declare yon lòt rezon ou definisyon pou gouvènman: Pwoteksyon pou dwa chak moun.

Pwoteksyon pou dwa chak moun pat sèl bi pou gouvènman. Gouvènman te genyen tou pou pwoteje kominote ya kont tout menas sou plas ak tout lòt peyi, pou asire ke ekonomi peyi-a grandi, epi pou okipe de tout zafè politik ak lòt peyi. Men, se pat travay gouvènman pou di moun kòman yo ta dwe viv la vi yo, ki relijyon pou yo kwè ladan, ou kisa pou yo ekri nan jounal. Nan sans sa, ide pou chak moun gen pwòp dwa yo, se pi ansyen ak pi tradisyonèl valè pou pèp Ameriken.

KEK DWA KI PA KA TRANSFERE BAY LOT MOUN

Yo toujou panse ke demokrasi ak libète se menm bagay, men yo pa menm. Demokrasi vle di ke moun dwe kapab vote pou ofisyèl piblik nan eleksyon ki jis, epi tou moun dwe pran desizyon politik selon lwa majorite-a. Libète, yon lòt kote, vle di menm nan mitan demokrasi, moun gen dwa ke majorite-a pa ka retire nan men yo.

Dwa ke moun yo ki te ekri konstitisyon-an te vle pwoteje kont abi gouvènman te parèt nan Deklarasyon Endepandans la kòm dwa ki pa ka transfere bay lòt moun. Yo rele dwa sa yo tou dwa natirèl, e James Madison rele yo, “Gwo dwa pou limanite”. Menm lè yo panse ke nou gen dwa pale jan nou vle a koz de premye amandman, sitwayen orijinal peyi isit te kwè ke, kòm moun yo gen dwa pou yo pale lib, e se sak fè yo envante premye amandman pou yo kapab pwoteje dwa sa-a. tout “Bill of Rights” yo te kreye pou yo kapab pwoteje dwa ke sitwayen orijinal yo te kwè ki pou yo tou natirèlman, pami lwa sa yo nou genyen:

- Libète Lapawòl, Laprès, Petisyon ak Asanble-Menm ekspresyon ki pi pa popilè pwoteje kont “sipresyon” ou restriksyon gouvènman(wè ACLU Briefing Paper #10)
- Egalite Devan Lalwa – Dwa ke youn moun genyen pou li resevwa tretman egal devan la lwa, san yo pa gade de estati sosyal li.(wè ACLU Briefing Papers #6,11,17,18 and 20).

konsènan de kòman, e menm si, yo ta ka aplike Bill of Rights la. Avan ke lwa ki sou papye ka vin lwa tou bon, yon moun dwe entèprete kisa langaj “Bill of Rights” la vle di

nan kèk sitiasyon byen detèmine. Ki moun ki va dènye abit pou detèmine ki jan Konstitisyon an dwe aplike?

An premye lye, repons la pat klè. Thomas Jefferson te panse ke gouvènman jidisyè-a ta dwe gen pouvwa sa; James Madison te dakò ke yon sistèm tribinal endepandan ta dwe sèvi de ranpa pou libète-a. Men, sa pa klè nan Konstitisyon an, e bagay sa pat rezoud juska lane 1803. Se ane sa, pou premye fwa, Lakou Siprèm Etazini te ranvèse yon Ak Kongrè-a kòm enkonstitisyonèl nan yon ka ke yo rele: *Marbury v. Madison*. Malgre bagay ki pase nan ka sa-a te parèt monden. (Yon diskisyon konsènan Sekretè Deta ki refize aksepte nan plas la 4 jji ke Sena te apwente), prensip ke l te etabli-a – ke Lakou Siprèm nan gen pouvwa pou anile tout Ak ke Kongrè pran ki te vyole konstitisyon an – te vin tounen kle devlopman ak pwotèksyon majorite dwa ke Ameriken ap jwi jounen jodi-a. Dapre you moun ki konnen anpil sou zafè lalwa, “Jidisyè endepandan se te pi gwo kontribisyon ke peyi Etazini te ka pote nan zafè konstitisyon”.

KA OUBYEN PWEN DE VI DIFERAN

Branch jistis nouvo gouvènman-an te diferan de branch egzekitif ak legislatif la nan yon fason trè zenpotan.: Tribinal yo pat gen pouvwa pou pran aksyon ak fòs pa yo. Kongrè-a ka pase lwa e Prezidan kapab fè soti lòd egzekitif, men, tribinal yo pa ka revise aksyon sa yo ak fòs pa yo. Tribinal yo dwe tann jiskaske yon dispit-“ yon ka ou yon diferan opinyon” – eklate ant moun ki gen bagay pou pèdi ou genyen tou depann de rezilta-a. Epi jan sa vin vire-a, moun ke dwa yo te pi frape pa abi gouvènman-an gen mwens kapasite pou fè pwosè.

Alò, malgre pouvwa revize jidisyè-a te etabli an 1808, plis ke 100 lane te pase avan ke Lakou Siprèm te gen bon jan opòtinite pou pwoteje dwa chak moun. 130 lane apre ratifikasyon an, bagay ki pi enpòtan nan “Bill of Rights” la ke moun note sè ke tribinal yo manke mete li an aplikasyon. Nan kòmansman ventyèm Syèk la, segregasyon rasyal te legal e te blayi nan tout aspè sosyete Ameriken an. Diskriminasyon sèks te nan tout enstitisyon epi travayè te konn jwenn arestasyon pou aktivite inyon. Imigran legal te konn jwenn depòtasyon yo akòz de opinyon politik yo, polis te konn itilize fòs pou fòse kriminel ke yo sispèk konfese epi moun ki nan relijyon ki an minorite yo te konn viktim anba pèsekisyon. Jouk nan lane 1920, Lakou Siprèm Etazini pa janm ranvèse okenn lwa oubyen aksyon gouvènman sou baz premye amandman-an.

Vyolasyon Konstitisyon –an ki te pi komen an pase san pwoblèm paske klas nan sosyete-a ke yo te pi pat respekte dwa yo –a, se egzakteman klas sa ki pat konnen dwa yo epi tou ki pi pa kapab tou peye yon avoka. Yo pa gen aksè a “Ranpa ou Libète –a “ ki se tribinal yo. “Bill of Rights la se te tankou yon motè ke pèsonn pa konnen ki jan pou fè-l mache.

NAN INTERE PIBLIK LA

Nan lane 1920, yon ti gwoup moun ki gen vizyon te reyini pou diskite kòman pou yo fè motè-a mache. Roger Baldwin, ki se yon travayè sosyal ak yon aktivis pou travayè yo , te a la tèt gwoup ki te genyen ladan-l Crystal Eastman, Albert DeSilver, Jane Addams, Felix Frankfurter, Helen Keller e Arthur Garfield

- 13eme Amandman aboli esklavaj
- 14eme Amandman garanti Afriken Ameriken dwa pou due process (dwa pou pa vyole jistis yo nan tribinal) ak pwoteksyon egal devan lwa.

Men li ta pran yon lò syèk an plis ap goumen avan ke lwa sa-a yo ta vrèman rive an aplikasyon.

SOUS

Papye sa te adapte de “Bill of Rights” nan *Visions of Liberty* ke Ira Glasser ekri (Arcade Publishing, 1991).

Haye. Yo te fòme ACLU (American Civil Liberties Union epi konsakre yo sèlman pou yo fè gouvènman kenbe pwomès ki konsène Bill of Rights la.

ACLU ak NAACP te fonde nan lane 1909, ak lnyon travayè yo ki menm dwa pou yo egziste pat ko rekonèt pa tribinal yo, te kòmanse denonse vyolasyon konstitisyon-an nan tribinal nan avantaj moun ke yo te anpeche pale oparavan. Sa se te kòmansman bagay yo vin rele jodi-a “Lwa nan Interè Piblik”. Yo te pote eleman ki te manke –a ki te vin pèmèt sistèm konstitisyon-an ak Bill of Rights la fonksyone jan la sa dwa.

Malgre yo te pote kèk viktwa okòmansman, òganizasyon sa-a yo te kòmanse kreye yon bann lwa ki te vin rann vivan Libète premye Amandman-an, dwa prive, ansan-m ak prensip egalite ak jistis fondamantal la. Piti, piti, “Bill of Rights” la vin transfòme de yon “barrier parchment” (dokiman ki gen obstak) a yon miray ki pwoteje dwa inalyenab chak moun de gouvènman-an.

Anpil pwogrè te fèt ant lane 1954 a lane 1973, lè anpil dwa ki pat aplike pandan yon bon bout tan te vin antre an aplikasyon. Jodi-a, akonplisman sa yo jwen anpil presyon bó kote yon mouvman ki konsakre a demobilize efò ak efè Bill of Rights la epi pou diminye endepandan tribinal nou yo. Devlopman Bill of Rights la se te yon evènman esansyèl nan istwa libète-a, men se yon istwa ki toujou ap kontinye.

DWA, MEN SE PA POU TOUT MOUN

“Bill of Rights” la te sanble li te ekri nan yon langaj ki pat retire okenn moun, men, an reyalyte, yo pa te ekri li pou –l te pwoteje tout moun. Gen gwoup an antye yo te kite akote. Fanm se te sitwayen dezyèm klas, pwopriete mari yo, yo pat kapab vote jouk nan lane 1920 pandan ke yo te pase e ratifye 19eme amandman-an.

Ameriken ki fèt sou tè-a te an deyò sistèm konstitisyon-an, yo gade yo kòm etranje sou pwòp tè yo. Yo te gouvène non pa lwa Ameriken, men pa trete federal ak lwa ki te prive tribi yo de majorite tè ak otonomi yo. Bill of Rights te an fonksyon pandan anviron 135 an avan ke Kongrè te akòde sitwayente Ameriken a Ameriken natif natal yo.

Yo te konprann trè byen ke te gen yon “eksepsyon ras” an Konstitisyon-an. Esklavaj te konsidere tankou peche orijinèl peyi isit. Pandan 78 pemye ane ke to te fin ratifye-l, Konstitisyon –an te pwoteje esklavaj e te legalize zafè sibòdinasyon rasyal. Olye de dwa konstitisyonèl yo, yo te gouvène esklav yo ak yon dwa ke yon rele “slaves codes” dwa pou esklav ki te kontrole tout ti bagay nan vi esklav yo. Yo pat gen aksè a règleman lalwa: ya pat ka ale nan tribinal, fè kontra, oubyen posede pwopriete. Yo te ka resevwa baton, make yo ak yon fè cho kou zannimo, pran prizon san jije, e menm pann yo. An rezime, jan youn nan gran opinion Lakou siprèm deklare: “Nwa pat gen okenn dwa ke yon blan te oblije respekte.”

Li te pran anpil ane pou goumen e yon gè sivil ki te fè koule anpil san avan pou yo te aksepte fè pase lòt amandman nan Konstitisyon-an, pou te bay esklav yo ak pitit yo plen dwa pou vin sitwayen Ameriken- omwen sou papye.

- 15em Amandman bay yo dwa pou vote

ACLU of Florida
4500 Biscayne Blvd. Suite 340
Miami, FL 33137
(305) 576-2336 acluf@acluf.org
www.acluf.org
www.acluf.org/kreyol